

ENFÒMASYON POU MÈT KAY



IndianaHousingNow.org

PWOGRAM ASISTANS POU IJANS LWAYE INDIANA (IERA2)

Pwogram Asistans pou ijans lwaye Indiana (Indiana Emergency Rental Assistance program, IERA2) ki te kòmanse resevwa demann nan mwa mas 2023, sipòte fanmi lokatè ki t ap viv difikilte finansyè pandan pandemi an, pou sa yo ofri asistans lwaye ak sèvis piblik.

IERA2 kapab bay avantaj sa yo pou fanmi lokatè ki elijib yo:

- Yon pèman asistans lwaye ki gen ladann aryere (reta peman lwaye) ansanm ak twa pwochen mwa lwaye yo.
- IERA2 pral peye montan ki pi ba ant sa ki di nan kontra lwaye ki nan limit lwaye IERA2 pibliye a.

Valè Chanm	Lwaye pa mwa otorize	18 mwa Asistans Lwaye Maksimòm
Efikas	\$899	\$16,182
Yon chanm	\$957	\$17,226
De chanm	\$1,124	\$20,232
Twa chanm	\$1,573	\$28,314
Kat chanm oswa plis	\$1,864	\$33,552

- Yo kapab bay yon dezyèm pèman ki gen ladan dèt ansanm ak lajan pou pwochen pèman lwaye si lokatè ou a patisipe nan konsèy establiite famiyal ak yon manm Rezo Asosyasyon Aksyon Kominotè nan Indiana.
- Yo p ap fè plis pase de (2) pèman IERA2 bay yon fanmi lokatè ki elijib.
- IERA2 PAP bay renouvèlman.
- Valè total asistans y ap peye yon fwaye pa kapab depase 18 mwa.
- Si fanmi lokatè w la te gentan resevwa asistans ERA nan konte IHEDA oswa Elkhart, Hamilton, Marion, Lake, St. Joseph oswa Vil Fort Wayne, y ap retire tout mwa asistans fanmi an te gentan resevwa nan men ERA yo nan asistans ki disponib pou 18 mwa a.

IndianaHousingNow.org



Indiana Housing & Community Development Authority

Otorite pou Devlopman Kominotè ak Lojman Indiana



EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

OPÒTINITE EGALÈGO POU LOJMAN



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje ak sipòte pwogram nasyonal lojman pozitif kote pa gen okenn baryè pou jwenn lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalite, andikap, oswa kondisyon famiyal. Se Eta Indiana ki sipòte pwojè sa a, an antye oswa an pati, atravè sibvansyon federal nan nimewo ERA0021, se Depatman Trezò Etazini ki te bay Eta Indiana li.

Dènye mizajou Novanm 2023

ENFÒMASYON POU MÈT KAY

PWOGRAM ASISTANS POU IJANS LWAYE INDIANA (IERA2)

Lokatè w yo kapab aplike, pou sa y ap:

- Rele 2-1-1 lendi jiska vandredi, 8:00A.M.- 6:00P.M pou jwenn èd pou kreye pwofil yo epi pou ranpli pòsyon kesyon - repons nan demann lan. Annaprè, lokatè yo pral ranpli epi voye poutèt yo fòmilè koleksyon dokiman yo.
- Rele 2-1-1 lendi-vandredi, 8:00A.M.- 6:00P.M pou jwen èd pou idantifye founisè INCAA ki kapab ede kreye pwofil yo, pòsyon kesyon - repons nan aplikasyon an ansanm ak fòmilè koleksyon dokiman yo.
- Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou òganizasyon INCAA k ap ede ak aplikasyon ak konsèy pou establiite famiyal nan: www.incap.org/indiana-housing-stability-program.
- Mèt kay k ap patisipe, sa ki an règ yo, kapab kòmanse yon aplikasyon pou lokatè yo atravè paj founisè a. Lokatè a DWE ranpli aplikasyon mèt kay la te kòmanse a.

Yon mèt kay dwe konnen:

- Konte Hamilton ak Marion jere pwòp pwogram ERA pa yo. Si lokatè ou a ap viv nan Konte Hamilton, li kapab kontakte administratè lokal li a pou jwenn asistans. Si lokatè w yo ap viv nan Konte Marion, nan moman an IndyRent fèmen. Lokatè w la kapab rele 2-1-1 pou lòt resous ki disponib.
- Si lokatè w la gentan resevwa asistans lwaye federal (pa egzanp, gen yon Housing Choice Voucher, viv nan yon lojman Project Based Rental Assistance, viv nan yon Lojman Piblik, elatriye.), IERA kapab bay asistans pou pòsyon lwaye lokatè w la.
- Nenpòt obligasyon lwaye ki pa peye, ki gen ladan lwaye ki depase limit yo te pibliye a, se responsablite lokatè w la(yo).
- IERA pa kapab peye okenn frè jiridik, frè pou bèt, frè pou lweabri oswa garaj, frè pou demenaje oswa fè garanti.
- Pou resevwa pèman dirèk, ou dwe bay yon fòmilè ACH ansanm ak W-9 bay estaf IERA a.
- Mèt kay k ap patisipe yo kapab fè suivi aplikasyon yo te voye atravè paj founisè a. Ale sou IndianaHousingNow.org epi klike sou <https://indianahousingnow.org/press/articles/EmergencyRentalAssistance.html> pou jwenn aksè ak paj founisè a.
 - o oswa ltilize pòtay founisè pou bay IHEDA enfòmasyon espesifik tankou demann lwaye ak rejis yo mande yo.
 - o oswa ltilize pòtay founisè a pou tcheke estati aplikasyon.
- ISi w refize patisipe nan IERA2, lokatè w yo kapab toujou resevwa asistans sou fòm yon chèk doub peye ki tabli pou peye ni lokatè a ni mèt kay la. Y ap voye chèk sa nan kourye bay lokatè a.
- Yon mèt kay pa kapab mete lokatè a deyò si l pa ta peye lwaye pandan peryòd asistans IERA kouvri a.
- Si w gen kesyon, tanpri rele nan **(317) 800-6000** oswa voye yon imèl nan iera@ihcda.in.gov.

IndianaHousingNow.org



Indiana Housing & Community Development Authority
Otorite pou Devlopman Kominotè ak Lojman Indiana



OPÒTINITE EGALÈGO POU LOJMAN



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje ak sipòte pwogram nasyonal lojman pozitif kote pa gen okenn baryè pou jwenn lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, nasyonalite, andikap, oswa kondisyon famiyal. Se Eta Indiana ki sipòte pwojè sa a, an antye oswa an pati, atravè sibvansyon federal nan nimewo ERA0021, se Depatman Trezò Etazini ki te bay Eta Indiana li.

Dènye mizajou Novanm 2023